

Ayiti: yon teritwa ki dwe òganize, yon anviwonman ki dwe repara

Samuel Pierre

Amenajman teritwa se yon branch ki esplike tout defi ki gen pou leve nan òganizasyon yon espas ak nan devlopman rejyon li yo. Se yon branch ki montre fason pou pran desizyon nan jesyon tè epi tout kalite resous, apati prezans tout moun ki nan espas sa yo epi divès resous ki genyen sou plan lokal, rejyonal epi entènasyonal. Amenajman teritwa se yon branch ki ap eseye jwenn repons pou tout sa popilasyon ki konsène yo bezwen pandan li ap suiv prensip devlopman dirab ak ekite pami tout rejyon yo ansanm ak gwo espas ki kreye nan vil yo. Branch ki rele amenajman teritwa a genyen tou kòm objektif pou li pran sou responsablite li prensipal kad teyorik ansanm ak konsèp ki sèvi nan kontèks amenajman ki apwopriye pou plizyè kalite espas: vil yo, ti vil ki alantou gwo vil yo, rejyon rural yo, espas natirèl yo, lanmè, eksetera. Fondamantalman, branch ki rele amenajman teritwa a se yo branch lakonesans ki kab pase dyagonalman atravè divès lòt branch. Li la pou fè planifikasyon sou fason moun kab itilize tè a, kowòdone aktivite ki an rapò ak pwodiksyon latè, òganizasyon kay yo ap bati ak abita ki nan yon espas. Kisa nou kab di sou amenajman teritwa Ayiti a ?

SONNEN LALAM

Aprè pawòl nou sot di pi wo a, nou kab deklare teritwa Ayiti a pa sou wout amenajman an ditou. Sitiyasyon sa a genyen yon efè dirèk sou move eta anviwonman nou an. Anfèt, anviwonman Ayiti a rive nan yon eta degradasyon ki tèlman avanse, gen moun ki kwè li prèske enposib pou repara anviwonman sa a. Sou koze amenajman an, gen yon atik ki te parèt nan *Alter Presse*, jou 8 jen 2009 la. Atik la rele: « *Haïti: Appel à la mobilisation générale et totale contre les désastres et pour la protection de l'environnement* », men yon lèz nan sa yo di ladan :

Ces préalables étant établis, force est de reconnaître que le territoire haïtien souffre d'un énorme déficit d'aménagement, ce qui n'est pas sans effet sur l'état lamentable de notre environnement. En effet, l'environnement haïtien a atteint un si haut niveau de dégradation que d'aucuns pensent que la régénération risque de devenir impossible. À ce sujet, dans un article paru dans *Alter-Presse* le 9 janvier 2010, intitulé: « *Haïti: Appel à la mobilisation générale et totale contre les désastres et pour la protection de l'environnement* », il est précisé ce qui suit :

« Chak ane, depi tout tan, nou chita kè pòpòz ap gade katastwòf ki kontinye ap fè pi plis dega chak fwa yo pase. Pandan ane ki sot pase yo genyen plizyè milye pami konpatriyòt nou yo dlo ki desann pote ale. Se tout peyi a ki ap kraze sou pitit li yo.

Pandan gen anpil siy ki montre nou anviwonman nou an, akòz aksyon malonnèt nou, mete sou aksyon yon Leta ki iresponsab, vin tounen yon bonm aretadman, ki sa nou ap fè, noumenm, sitwayen gason kou fanm, ki rete vivan toujou apre katastwòf sa yo? Tonton ki te rele Kòmandan Cousteau a, te di sa, depi 25 ane, gen yon dega ekolojik ki nan wout tankou yon jenosid pou Ayiti. Èske nou konstate jenosid la kòmanse epi èske nou aksepte pou se noumenm ki tounen bouwo pou touye pwòp tèt nou? »

Tankou *Alter Presse* mansyone li a, se anfèt yon « dokiman ki te soti nan yon rankont travay ki te fèt Pòtoprens nan dat 25 ak 26 me 2009 sou pwoblèm ekolojik Ayiti yo. Te gen plis pase 150 òganizasyon ti te patisipe nan rankont travay sa a. Gwoup ki te òganize li se te: *Collectif National des Organisations de la Société Civile pour la Protection et la Réhabilitation de l'Environnement (CONAOS/Environnement ak Centre Pétion-Bolivar.* » Pami anpil lòt, sa a se yon ekzanp aksyon sitwayen ki te pote

lespwa. Se yon aksyon pou nou antreprann ankò, men fwa sa a li dwe mache ak yon dimansyon amenajman teritwa a, ki se prensipal sous pwoblèm lan epi se an menm tan wout pou nou jwenn yon solisyon dirab pou pwoblèm sa a.

PREMYE EFÒ POU FÈ YON AMENAJMAN TERITWA AN AYITI

Depi nan kòmansman ane 1960 yo, nou remake Leta ta pe fè yon ti efò pou òganize teritwa Ayiti a. Efò sa a te kòmanse paske tout moun te wè peyi a te rantre nan yon modèl amenajman ki ale nan yon sèl sans (monopolè), kote se kapital peyi a, Pòtoprens, ki se prensipal sant aktivite nan peyi a. Sa vin genyen kòm konsekans ogmantasyon diferans ki genyen ant dives vil nan peyi a ansanm ak deplasman yon pil moun ki rantre nan kapital la. Apre sa, vin genyen yonn apre lòt, de gwo traka ki mennen efò sa a : yonn se neseste pou divize peyi a an rejyon, apres a vin genyen obligasyon pou desantralize epi òganize teritwa a dapre yon plan presi. Se sa ki vin lakòz kreyasyon, nan ane 1963, *Conseil National de Développement et de Planification (CONADEP)*, ki vin tounen, nan ane 1976, *Direction de l'Aménagement du Territoire et de la Protection de l'Environnement (DATPE)*. Apres a yo vin chanje non li, pou yo rele li : « *Unité d'Aménagement du Territoire* ».

RANTRE CIAT NAN KESYON AN

Comité Interministériel d'Aménagement du Territoire (CIAT) fèt depi 30 janvyè 2009. Nou kab konsidere sa tankou yon bon aksyon, paske sa pèmèt vin genyen yon òganizasyon ki ap fè kowòdinasyon nan yon domèn esansyèl ki pase an dyagonal nan mitan plizyè lòt domèn nan fason li poze pwoblèm yo tankou nan apwòch li pou li rezoud yo.

« Misyon *CIAT* a se defini politik gouvènman an nan domèn amenajman teritwa a, pwoteksyon epi jesyon basen idwolik yo, jesyon dlo, dezenfeksyon, ibanik ak ekipman. Kreyasyon enstitisyon sa a se rezilta yon seri konstataasyon ki sonnen lalam ak neseste pou genyen aksyon lojik ki byen kowòdone nan domèn amenajman teritwa¹. »

CIAT te bay tèt li twa gwo priyorite ki se :

1. reyekilibre teritwa nasyonal la apati rediksyon mas moun nan rejyon Pòtoprens lan ;
2. bloke pwosesis degradasyon anviwonman pou retire peyi a nan eta feblès san limit devan evennman natirèl ki enprevizib ;
3. diminye povrete wòdpòte a ak inegalite sosyal yo.

Kalite priyorite sa yo nòminal epi se yon pwogram rezonab. Sepandan, si pou yo reyalize tout pwojè sa yo, dwe genyen adopsyon ansanm ak yon bon pratik gouvènans anviwonmantal

1. http://ciat.gouv.ht/dossiers/dossier.php?val=6_note+presentation

epi teritoryal, ki se yon zouti enkontounab pou priyorite sa yo reyalize.

CIAT, ki « se yon eleman esansyèl nan aksyon an ekip epi ki ap fèt an menm tan sou tout teritwa a », parèt tankou yon zouti ki byen prepare pou « retabli wòl fondamantal Leta epi rann fonksyonman li legal sou teritwa a. Se yon zouti ki pou bay desantralizasyon an fòs, epi jwenn wout pou yon amenajman teritwa a ki adapte ak reyalyte nasyonal yo. » Nou ap mande ak tout fòs nou, mete sou lespwa nou genyen, pou pwogram sa a reyalize. Se sa ki ka mennen peyi a sou wout yon nouvo amenajman pou teritwa a, yon fason pou transfòme li sou plizyè pwèn, apati aktivite ki an rapò ak itilizasyon sòl la, ak amenajman teren yo, ak reyalyzasyon travay terasman, ak anlèvman sòl la, ak pwoteksyon basen idwolik yo, ak estabilizasyon riv yo, ak transfòmasyon kouran dlo yo, ak anlèvman sab, gravye elatriye epi rebwazman. Tout sa mande, sètènman, kreyasyon epi renouvèlman plan ofisyèl yo ansanm ak kadas yo, regleman pou zonaj, pwosesis apwobasyon pou demann amenajman, ansanm ak planifikasyon sistèm transpò yo epi enfrastrikti yo. Se sa ki ka pèmèt nou etabli objektif kwasans ak devlopman, pandan nou ap reflechi sou divès konsiderasyon sosyal, ekonomik epi anviwonmantal.

Kòm misyon *CIAT* a se yon misyon pou defini politik gouvènman nan domèn amenajman teritwa a, ki sa ki ap pase ak enstans ki pou fè aplike politik sa yo epi kontwole yo ? Kesyon sa a enpòtan anpil nan ka Ayiti a, yon peyi ki chaje ak bon lwa, men se raman enstans ki konsène yo fè aplike lwa sa yo, oubyen - lè enstans sa yo fè aplike lwa yo - sa fèt vaykevay, kon sa yo pa kab rive bay rezilta vizib ki kab dire lontan.

EKILIB ANT DWA PÈSONÈL MOUN YO AK ENKYETID NÒMAL PIBLIK LA

Li toujou bon pou tout moun, ki vle transfòme oubyen fè yon modifikasyon kèlkonk sou yon teren, konsidere, an premye, opinyon piblik la sou efè modifikasyon yo vle fè sou teren an kapab genyen sou resous ki nan anviwonman an oubyen sou resous patrimwàn kiltirèl la. Nan sa ki konsène pwosesis planifikasyon ak itilizasyon sòl la ak amenajman teritwa a, otorite responsab yo dwe siveye enterè moun ki gen byen yo nan zòn lan menm jan ak enterè epi vizyon kolektivite a nan yon fason global, ni tou, yo pa dwe bliye kolektivite lokal yo. Epi tou, dwe genyen yon dispozitif ki pèmèt yo konsilte kolektivite sa yo epi piblik la an jeneral. Malgre tout sa, fòk genyen oryantasyon estratejik ki klè pou pwoteje patrimwàn natirèl, idwolik, agrikòl, mineral epi kiltirèl la, ansanm ak resous akeyolojik peyi a.

Lè nou ap gade fason moun ap tabli yo nan espas ki alantou gwo vil yo epi rejyon agrikòl yo, prensipalman pandan karant ane ki sot pase la yo, nou wè aklè, enstans ki pou aplike epi kontwole politik Leta nan domèn amenajman teritwa a pa fè travay yo ta dwe fè yo. Nou remake nan domèn sa tou, Leta fèmen je li. Konsekans neglijan sa a kite mak sou anviwonman an ►

ak agrikilti a: pati nan tè a ki bon pou lagrikilti a ap disparèt devan je nou, forè yo ap disparèt rapidman, kantite tè ki genyen pou moun fè lagrikilti a vin pi piti, kantite pwodiksyon agrikòl la vin pi piti, teritwa peyi a vin frajil devan tout kalite entanperi ak inondasyon, elatriye.

POU NOU FINI

Li klè pou nou tout, plis genyen moun ki ap fonksyone nan yon menm zòn san yon baz pou gen antant, gen posiblite pou genyen konsekans grav sou atirans ak konpetisyon nan zòn sa yo epi sou amoni nan aksyon piblik yo. Nan sans sa a, *CIAT* kab mete lòd, si enstans ki la pou aplikasyon epi pou kontwole sa ki ap fèt yo, ki se divès ministè ki konsène yo (Ministè enteryè ak kolektivite teritoryal, Ministè Ekonomi ak Finans lan, Ministè Planifikasyon ak Kowoperasyon Ekstèn, Ministè Agrikilti ak devlopman rural, Travo piblik, transpò ak komunikasyon epi anviwonman) fè travay yo kòm sadwa. Sa ta vle di mete sou pye plan pou konsètasyon ak swivi pou gwo pwojè amenajman yo, nan respè ekzijans chak ministè oubyen sèvis piblik. Sa ta pèmèt echanj enfòmasyon, sa ta fasilite tèt-ansanm nan sèten aksyon. Paske, nou dwe jwenn yon mwayen pou nou bloke transfòmasyon espas disponib ki alantou gwo vil yo, yon fason pou

espas sa yo pa tounen yon bann vil ki bati vaykevay. Pou nou fè sa, nou dwe fè moun ki ap bati yo respekte plan amenajman ak devlopman teritoryal nan tout zòn kote sa kapab fèt toujou.

Nan domèn anviwonman, li obligatwa pou nou fè rebwazman peyi a pou nou repara milye natirèl la. Anfèt, lè tout espas vid yo kouvri ak pyebwa, se va yon bèl fason pou diminye san okenn dout efè inondasyon yo lè gen anpil lapli ki tonbe. Fòk gen yon jesyon ki marye ak basen idwolik yo si nou vle abòde nan yon fason lojik pwoblèm ki konekte ak lagrikilti, rebwazman, pwodiksyon enèjetik, jesyon risk epi katastwòf yo. Yon bon plan amenajman teritwa a ta kab pèmèt nou defini pi bon politik pwodiksyon agrikòl nasyonal ansanm ak reparasyon anviwonman an. Kondisyon *sine qua non* pou genyen siksè nan tout aksyon sa yo, se yon volonte politik dyanm, ki ale lontan pi lwen pase eslogan ak bòn fwa san konviksyon, fòk gen yon volonte wòdpòte ak bon jan travayè ki konpetan epi ki kwè nan responsablite yo genyen alega jenerasyon ki la jounen jodi a ansanm ak sila yo ki nan wout ap vini. Bon! dwe genyen moun ki kwè tout bon nan yon devlopman dirab, toupatou nan pwosesis la, kòmanse sou gwo chèf yo jouk rive sou senp travayè yo! ■

Abònman kòm sipòtè

Menm lè GRAHN pèmèt nou genyen yon abònman *Haiti Perspectives* gratis apati vèsyon elektwonik revii a ki sou entènèt, nou kab toujou pran yon abònman vèsyon revii a ki enprime a kòm sipòtè. Abònman kòm sipòtè a va pèmèt nou kouvri depans ki fèt pou mete sou papye yon vèsyon jounal la ki ap trè bèl epi ki ap pote anpil plezi pou nou. Nou ap di nou mèsi dèske nou ranpli fòmilè ki pi ba a. Nou va tou pwofite prezise ki kalite abònman nou vle. Voye fòmilè a ak yon chèk sou non GRAHN-Monde nan adrès kontak ki sou sit la www.haiti-perspectives.com

Abònman ou vle a : 1 an (4 nimewo) 200 \$ 2 ans (8 nimewo) 360 \$

Fi Gason

Siyati ou : _____ Prenon ou (yo) : _____

Adrès [no sivik, ri a, apatman.] : _____

Vil : _____ Pwovens : _____

Peyi : _____ Kòd postal : _____

Adrès elektwonik : _____